



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 23ÈM FWA KARYÈ ANYÈL DOKTÈ MARTIN LUTHER KING JR**

*Fwa Karyè Anyèl, ki prezante 8,300 opòtinite ki soti nan plis pase 150 biznis, k ap dewoule jedi 6 Avril*

*Nou ankouraje moun k ap chèche travay yo pou yo enskri alavans isit la*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke 23èm Fwa Karyè Doktè Martin Luther King, Jr., ki pral fèt nan jedi 6 avril 2023, nan Sant Kongrè Empire State Plaza (Empire State Plaza Convention Center) nan Albany soti 11 a.m. rive 3 p.m. Plis pase 150 biznis k ap ofri 8,300 opòtinite prevwa patisipe epi ofri entèvyou travay sou plas ak reprezantan konpayi yo. Moun k ap chèche travay yo kapab tou pwofite revizyon rezime yo ak yon kontwa foto pwofesyonèl pou bay moun k ap chèche travay yo foto vizaj yo. Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) la ap òganize tou yon seri atelye gratis pou ede moun k ap chèche travay prepare anvan evènman an. Evènman an, ki patwone pa alafwa Biwo Ofisyè anchèf pou Moun ki Andikape (Office of the Chief Disability Officer) ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) la, gratis pou moun k ap chèche travay ak biznis k ap patisipe yo.

"Nou kontan re-akeyi moun k ap chèche djòb New York yo nan Empire State Plaza pou Fwa Karyè Doktè Martin Luther King, Jr a epi ede nou relye mendèv trè kalifye nou an ak biznis ki ap estimile ekonomi eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout moun k ap chèche travay pou yo vizite Fwa Karyè Doktè Martin Luther King, Jr. k ap vini an epi pwofite anpil resous Depatman Travay Eta New York la bay pou akselere rechèch travay yo."

Nou ankouraje patisipan yo pou yo abiye yon fason pwofesyonèl epi pote plizyè kopí CV yo. Biznis ki prevwa fè anbochaj yo gen ladan:

- Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la
- Sant Medikal Albany (Albany Medical Center)
- Otorite Thruway
- FedEx
- City of Albany (Vil Albany)
- Sèvis Lapòs Etazini (U.S. Postal Service)

- Price Chopper/Market 32 Supermarkets
- The Arc of Rensselaer County
- Sunmark Credit Union
- Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, "ITS") Eta New York la

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Si w ap chèche yon travay oswa si w ap panse chanje karyè, kounye a se tan pou w fè aksyon. Fwa karyè anyèl sa a te ede plizyè santèn Nouyòkè tout nivo eksperyans jwenn nouvo karyè enteresan. Mwen ankouraje moun k ap chèche travay pou yo pwofite atelye gratis nou yo pou yo ka distengen tèt yo nan konpetisyon an, nou ka ede w jwenn yon karyè ou pral renmen."

**Ofisyen Chèf pou Moun ki Andikape nan Eta New York yo, Kimberly Hill Ridley, te deklare,** "Nou kontan anpil dèské nou ko-esponnsorize evènman enpòtan sa a ak kòlèg nou yo nan Depatman Travay la ki te yon patnè estrawòdinè depi biwo nou te an te kreye yon jis yon ane de sa. Mwen vrèman ankouraje Nouyòkè ki gen andikap yo k ap chèche travay pou yo patisipe nan fwa karyè trè solid sa a. Gouvènè Hochul te idantifye amelyore to travay moun ki andikape yo kòm yon pi gwo priyrite nan biwo nou an. Patisipe nan fwa karyè ki trè enklizif ke NYSDOL òganize se yon fason anplwaye potansyèl yo ki gen andikap yo ka fasilman jwenn aksè ak anplwayè ki anvi anboche moun ki andikape."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare,** "Biwo Sèvis Jeneral la eksite pou li rejwenn ak patnè nou yo nan gouvènman eta a pou òganize 23èm Fwa Karyè Doktè Martin Luther King, Jr. a. Nou akeyi moun k ap chèche travay nan Sant Kongrè Empire State Plaza, kote yo pral gen opòtinite pou rankontre fas a fas ak anplwayè yo epi aprann sou divès kalite opòtinite travay ak fòmasyon ki disponib."

Otorite Transpò Distri Kapital la (Capital District Transportation Authority, CDTA) pral ofri sèvis navèt gratis pou moun k ap patisipe nan fwa karyè yo. Navèt la pral kite chak 15 minit ant 10 am ak 4 pm nan Lincoln Park Pool House epi depoze moun k ap chèche travay yo nan antre Madison Avenue nan Empire State Plaza.

**Carm Basile, ki se Direktè Egzekitif Jeneral CDTA, te deklare,** "Nou fyè pou nou fè patenarya yon lòt fwa ankò ak Fwa Karyè MLK a. Konekte kominote nou an ak opòtinite tankou sa a se sa ki fè rejon nou an pwospere ak vanse. Nou espere moun k ap chèche travay yo pral pwofite sèvis gratis epi ki pratik sa a epi jwenn travay ki bon pou yo."

An janvye 2022, Gouvènè Hochul te siyen yon pwoklamasyon ki te rekomande Eta New York pou l defann valè libète, jistis, ekite, ak lapè ke Doktè King te defann. Nan kad angajman renouvelé sa a, Eta New York te òganize yon seri evènman ki onore lavi ak travay Doktè King, ki gen ladan yon komemorasyon anyèl ak pwodiksyon fim, koleksyon liv, koleksyon manje, ak lansman yon eksposizyon atizay ak redaksyon etidyan yo nan Empire State Plaza ak eksposizyon nan Kapitòl "Progress to Power" sou premye

lejislatè Nwa New York yo. Fwa Karyè Doktè King lan se youn nan evènman yo plis patisipe ladan nan rejyon an.

Nou ankouraje moun ki vle ale nan fwa a pou yo [enskri sou entènèt](#). Plas yo limite, donk tanpri enskri pi vit jan sa posib.

NYSDOL te òganize regilyèman [fwa karyè vityèl](#) ak evènman rekritman ki pèsonalize, ki sèvi apeprè plizyè milye biznis ak moun k ap chèche travay nan Eta New York. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite [labor.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)